- «Ахьли» клубыр 1944 гъэм кызэрагъэпэщауэ щытащ, - жеIэ ди гъуэгугъэлъагъуэ Ахьмэд. - Мы блыным и дапхъэхэм тету фIыгъу псоми къаIуатэ а зэманым кызыщIэдзауэ нобэм къэс клубым иIа ехъуЛэныгъэхэр зыхуэдэр. Клубым лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI Амман къаIэми абы къедза къуажэхэми щыпсэу ныбжьыщIэхэр зэщIэгъэуIуэныкIэ, ахэр узынщэу, пкъыфIэу, жыджэру къэгъэхъунымкIэ. Хабзэм, цIыху зэхэтыкIэм къемызэгъ зэштеупIэ лъыхъуэу уэрамым дэмыту, абы-хэм я махуэр IуэхукIэ гъэнщIа мэхъу. Спортым, макъамэм, къафэм дихьэх щIалэгъуалэр зэрыщызэхуэсым и мызакъуэу, мыбы щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр, нысашэ джагуэхэр щратъэкIуэкI, къыщалъхуа махуэхэр щагъэлъапIэ.

Блыхъу Ахьмэд дыдэрыщигъэгъуэзамкIэ, клубым и къызэгъэпэщакIуэхэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащI спорт лIэужьыгъуэм щыщу шы спортыр. А къудамэр и нэIэ щIэтщ пащтыхь Абдалла II и шыпхъу Хьайе. Ахьмэд и псалъэхэм щыхьэт техъуэу, клубым и пэIущIэ пэшым фIэлът шыгъажэшым тес принцессэм и сурэтыщхуэ.

«Ахьли» клубым и унэр нэхъ псынщIэу къэтплъыхьу, къэфакIуэхэр зэрыщIэмкIэ нэхъ щIэхыу дынэсыну дриджэ нэхъеI, пщIантIэм къыдэIукI пшынальэр зэпыурэтэкъым. ДыкъамыщIэу дахукъуэплъатэ, занщIэу «къэтцIыпсоми къаIуатэ а зэманым кызыщIэдзауэ нобэм къэс клубым иIа ехъуЛэныгъэхэр зыхуэдэр. Клубым лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI Амман къаIэми абы къедза къуажэхэми щыпсэу ныбжьыщIэхэр зэщIэгъэуIуэныкIэ, ахэр узынщэу, пкъыфIэу, жыджэру къэгъэхъунымкIэ. Хабзэм, цIыху зэхэтыкIэм къемызэгъ зэштеупIэ лъыхъуэу уэрамым дэмыту, абы-хэм я махуэр IуэхукIэ гъэнщIа мэхъу. Спортым, макъамэм, къафэм дихьэх щIалэгъуалэр зэрыщызэхуэсым и мызакъуэу, мыбы щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр, нысашэ джагуэхэр щратъэкIуэкI, къыщалъхуа махуэхэр щагъэлъапIэ.

Блыхъу Ахьмэд дыдэрыщигъэгъуэзамкIэ, клубым и къызэгъэпэщакIуэхэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащI спорт лIэужьыгъуэм щыщу шы спортыр. А къудамэр и нэIэ щIэтщ пащтыхь Абдалла II и шыпхъу Хьайе. Ахьмэд и псалъэхэм щыхьэт техъуэу, клубым и пэIущIэ пэшым фIэлът шыгъажэшым тес принцессэм и сурэтыщхуэ.

«Ахьли» клубым и унэр нэхъ псынщIэу къэтплъыхьу, къэфакIуэхэр зэрыщIэмкIэ нэхъ щIэхыу дынэсыну дриджэ нэхъеI, пщIантIэм къыдэIукI пшынальэр зэпыурэтэкъым. ДыкъамыщIэу дахукъуэплъатэ, занщIэу «къэтцIыхуащ» утыкум итхэр зэрыдыгэр: щIалэр пкъыфIэхэм я зыIыгъыкIэр, пщащэ щэныфIэхэм я зыгъэзэкIэр. Тлъагъу ныбжьыщIэхэр псори зэрыдыгэм шэч къытезмыхьэми, ди гъусэ щIалэм сеупщащ, ди мылъэпкъэгъу яхэтрэ яхэмытрэ икIи арэзы сыкъэзыщIын жэуап кызитащ.

- ЗэрыжысIауэ, «Ахьли» клубым мыдадыгэ зыкъом къокIуалIэ, къэфакIуэ гупми апхуэдэхэр нэхъапэм яхэту щытащ, - жеIэ Ахьмэд. - Ауэ иджыпсту пльагъуэхэр псори, я пшынауэ-бэрэбанауэ гупри адыгэщ, мыгувэу екIуэкIыну фестивальым зыхуагъэхьэзыр. Клубым хэт къэфакIуэ гупыр 1995 гъэм къызэрагъэпэщащ. Абы щIэх-щIэхыурэ зыкъыщыгъэльагъуэ къафэмкIэ екIуэкI зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Джэрэш (Иорданым ныхъкъ къалэщ) гъэ къэс щызэхашэ щэнхабзэ фестивалым мызэ-мытIэу щытекIуащ.

Iуэху зыпэрытым къыпэрытщыну, зэран дахуэхъуну дыхуейтэкъым, гу къызэрытлъамытэнымкIэ дыхуэсакъыу къэфакIуэхэм я зыгъэсапIэм дыкъыIукIыжащ. Абы-хэм апэжыжьэтэкъым топ дкэгупIэ мыинри. Хьэфэ топыр яхуэзрымытэгъуэту къэрахуэкIыу абы щызэрызехьэрт илъэси 9-10-м ит щIалэ щIыкIухэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар футболист нэхъыщIэхэм я гупырт, сихьэт зы-тIукIэ нэхъ гувауэ къызэхуэсынут нэхъыжьхэ гупым хэтхэри. КъэфакIуэхэм, топ джэгу ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэхэр хэт сымэ жыпIэмэ, ахэри ди щIэджыкIакIуэхэм къэфцIыхужыну си гугъэщ. Ильэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, «Спартак-Налшык» топджэгу командэм хэту щытащ хамэ къэрал къыщыхьуа адыгэ щIалэ Чыгъэду Бибер. А щIалэращ иджыпсту «Ахьли» клубым хыхьэ топджэгу командэр зыгъасэр. КъэфакIуэ гупым я пашэ ДыщэкI Созэр теухуа тхыгъэ, абы дедгъэкIуэкIа псалъэмакъ тетауэ щытащ «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм. Ар Нью-Йорк къыщалъхуащ, щеджащ, зэрыщIыкIуэр адыгэ макъамэм, къафэм дехьэх. Хьэрыпщ щIалэ Сами Самир и гъусэу макъамэ студие къызэригъэпэщри, адыгэ пшынальэхэм я оранжировкэ дахэ ищIауэ щытащ. Ахэр зытет дискыр Iуащхьэмахуэ лъапэрэ я фIыщIэмрэ я зэхуакум зэпэзэрылъэ щыхьуауэ, ди щIалэгъуалэм зэIэпахыу, зэхуэуэпсэу, ягъэщIагъуэу кърахьэкIащ илъэс зыщыпIэ ипэ. Иджыри куэдрэ зэхыбох Созэр езыр пшынэм еуэу иригъэтхыжа «Бжьэдыгъу ислъэмейр», «Къэбэрдей къафэр», нэгъуэщI пшынальэхэри.

А МАХУЭ дыдэм дэ дыIущащ Хэкум фIыуэ къыщацIыху, и щхьэр ямылъэгъуами зи лэжьыгъэр куэдым ялъагъуну хунэса нэгъуэщI адыгэ щIалэми. Ар «НАРТ» телевиденэм и къызэгъэпэщакIуэ Нэгъуэй Нартщ. Илъэс 24-рэщ ар зэрыкъэр, ауэ и ныбжьым емылъытауэ Iуэхуэшхуэ хуэзэIакIащ - дуней псом щикъуэхьа адыгэхэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпс спутник телевиденэ игъэпсащ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, а Iуэхум хуэунэтIа лъэбакъуэшхуэ ичащ. Телевиденэ гъэпсыныр Iуэху щIыкIукъым, я нэтынхэр зы къалэм фIэкIа къыщымыгъэльагъуэу зэгъеублэн къудеиным Iэджэ епхащ. АтIэ, дауэ умыгъэщIэгъуэнрэ хьэрышм ит спутникым пыщIауэ, къэрал зыбжанэ кызэщIиубыдэу къызэрэпэщыныр, абы текIуэдэну ахъшэр (спутник каналыр арендэу эрагъыгъым доллар мелуан зыбжанэ илъэсым хуозэ) кэгъуэутыныр, адыгэбзэкIэ нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр техыныр, нэгъуэщI - кьинэмыщI махуэ къэс лэжьыгъэу гу зылъытапхъэ къомыр зы щIалэ IэпщIупщI цIыкIумрэ абы и ныбжьэгъу гупымрэ зэрахуэфIэкIыр.

«НАРТ» ТВ-м и хэщIапIэр, Iуэхущ1апIэр Iэуэльауэншэт дыщыIухьам, абы щылажьэу дызыIущIаха эри куэд хъуртэкъым, техникэ Iэмэпсымэр, Интернет зэпыщIэныгъэхэр къызэзыгъэпэщ щIалэ зыбжанэрэ нэтынхэм я кьадэгъэкIынымэ еуэжь пщащитIэ дахуэзауэ аращ. Ахэр я Iуэху яужь итыжт, жэщми махуэми зэпамыгъэу эфирыр ныкъусаныгъэншэу екIуэкIыным хуэсакъын хуейти, фIэхъусым и ужькIэ я лэжьыгъэм пэрыхьэжащ, сэ абыхэм я унафэщI икIи жэрдэмщIакIуэ Нэгъуэй Нарт сенсационалъэIащ.

- Куэдым къафIощI ми телевиденэр сэ къызэрызэзгъэпэщам щхьэкIэ си цIэр фIэсщыжауэ, - жеIэ Нарт. - Ауэ Iуэхур зэдэщIэр жыжьэуи гъунэгъууи аракъым. «НАРТ» фIэщыгъэщIэр зэрызэхэт хьэрфхэр зырызу къапщтэрэ, инджылызыбзэкIэ «National Adyga Radio and Television» псалъэхэр къыхокI, «Адыгэ Лъэпкъ Радиомрэ Телевиденэмрэ» жиIэу къикIыу. Аращ ди гупым кызэдгъэпэща телеканалым и фIэщыгъэцIэм и лъабжьэр.

«Абы Тхьэм тхухихауэ нэрымылъагъу гуэри хэльу къыщIэкIынщ, адыгэхэр къызытехъукIа пасэрей лъэпкъыжьым и цIэр нобэ дыкъызэрыщIэрэщIэжым нэщэнэ щыхъуэхъуакIэ», - жызоIэ сигукIэ икIи Нарт соупщI телевиденэр гъэпсыным пыщIа Iуэхуэхэр къаэрехьуIа щIыкIэм, абы папщIэ зыхэта гугъуехьхэм, апхуэдэ Iуэху зэфIагъэкIыну ягу къызэрыкIам, абы я гупсысэр зэрыхуэкIуам и гугъу сымыщIу. Ар си упщIэхэм щIыхэзэгъэпэщ гурыIуэгъуэщ, сыту жыIэмэ, адыгэ псомэ зэхуэдэу ялъэIэс телевиденэ щыIэн зэрыхуейм теухуа гупсысэхэр къызэрыунэхурэ, лъэпкъым и жылагъуэ лэжьакIуэхэр абы зэрытепсэльыхьрэ куэд щIащ. Ауэ Iуэхур псалъэм кыфIэзыхьу нэрылъагъу зыщIар зи гугъу тщIы щIалэ гуэрщ, абы-хэм я фIыщIэри хэбгъэкIуадэ хъунукъым.

- «НАРТ» ТВ-р къызэрыунэхуам дэтхэнэ зы адыгэми и гуащIи и фIыщIи хэльщ, - жеIэ Нэгъуэй Нарт. - Ар къыбжеIэ и фIэщыгъэщIэмэ. Сэ къуэд щIауэ сыууейт адыгэхэм зы телевиденэ диIэну, журналист Iэнатlэр езыхьэкI адыгэхэм я лэжьыгъэр дэнэкIи щалъагъуу, адыгэ щэнхабзэм, бзэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум, гъуэзджэм, макъамэм, нэгъуэщI унэгъыныгъэхэм зэфIэкI хъарзынэхэр щызиIэу дэ тщыщхэр ди лъэпкъэгъу псоми апхуэдэ щыкIэкIэ къедгъэцIыхуну.

Апхуэдэ мурадым иришэжьа щIалэр нэхъапэ зыIууа Iуэху кьиныр-мылъку къэугъуеным ехат. Спутник каналыр бэджэнду къэпщтэныр егъэлеяуэ лъапIэу къыщIэкIат. Пэжщ, спутникыр къызэрагъэсэбэным щхьэкIэ япэ лъэхъэнэхэм ахъшэ Iахакъым, ауэ апхуэдэу зэпымыууэ екIуэкIынт? Зыхуэжьа Iуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр щыжраIэм, ар мылъку зэхэдзэкIэ дыгъыщ Иорданымрэ Сириемрэ щыпсэу адыгэ хьэрычэтыщIэ дъэрыхь зыбжанэм. ИкIи «НАРТ» ТВ-м и япэ нэтынхэр эфирым къыхьыхащ 2007 гъэм и щыщхьэIу-фокIадэ мазэхэм.

- Абы щыгъуэ дэ къытхузгъэлъагъуэр мащIэт, - жеIэ адэкIэ Нэгъуейм. - КъафэкIэ, узэрадкIэ, пшынальэхэмкIэ, цIыху щхьэхуэхэм драгъэкIуэкI псалъэмакъкIэщIхэмкIэ зэхэувауэ зы сихьэт иримыкъу нэтынхэр жэщми махуэми къытедгъэззэжурэ къэдгъэльагъуэрт. ОператорхэмкIэ, сурэттехъхэмкIэ, техникэр зыгъэзэжьэнухэмкIэ тэмэму дыкъызэгъэпэщатэкъыми, ди Iуэхур абы хуабжьу «игъэщIакъуэрт». Абы и хэкIыпIэр къэдгъуэтащ, Iэмэпсымэхэм ирилажьэу, нэтынхэр ягъэхьэзырыфу, псалъэмакъхэр ирагъэкIуэкIыфу ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ загъэсащ.

Иджыпсту «НАРТ» ТВ-р хьэршым итынымкIэ, и нэтынхэр Кавказ Ищхьэрэми КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ къэралхэми ялъэIэсынымкIэ дызыдэлажьэр. «Нурсет» спутник ильэс щыкIуэ. Абы и уахьа адыгэхэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпс спутник телевиденэ игъэпсащ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, а Iуэхум хуэунэтIа лъэбакъуэшхуэ ичащ. Телевиденэ гъэпсныр Iуэху щIыкIукъым, я нэтынхэр зы къалэм фIэкIа къыщымыгъэльагъуэу зэгъеублэн къудеиным Iэджэ епхащ. АтIэ, дауэ умыгъэщIэгъуэнрэ хьэрышм ит спутникым пыщIауэ, къэрал зыбжанэ кызэщIиубыдэу къызэрэпэщыныр, абы текIуэдэну ахъшэр (спутник каналыр арендэу эрагъыгъым доллар мелуан зыбжанэ илъэсым хуозэ) кэгъуэутыныр, адыгэбзэкIэ нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр техыныр, нэгъуэщI - кьинэмыщI махуэ къэс лэжьыгъэу гу зылъытапхъэ къомыр зы щIалэ IэпщIупщI цIыкIумрэ абы и ныбжьэгъу гупымрэ зэрахуэфIэкIыр.

«НАРТ» ТВ-м и хэщIапIэр, Iуэхущ1апIэр Iэуэльауэншэт дыщыIухьам, абы щылажьэу дызыIущIаха эри куэд хъуртэкъым, техникэ Iэмэпсымэр, Интернет зэпыщIэныгъэхэр къызэзыгъэпэщ щIалэ зыбжанэрэ нэтынхэм я кьадэгъэкIынымэ еуэжь пщащитIэ дахуэзауэ аращ. Ахэр я Iуэху яужь итыжт, жэщми махуэми зэпамыгъэу эфирыр ныкъусаныгъэншэу екIуэкIыным хуэсакъын хуейти, фIэхъусым и ужькIэ я лэжьыгъэм пэрыхьэжащ, сэ абыхэм я унафэщI икIи жэрдэмщIакIуэ Нэгъуэй Нарт сенсационалъэIащ.

- Куэдым къафIощI ми телевиденэр сэ къызэрызэзгъэпэщам щхьэкIэ си цIэр фIэсщыжауэ, - жеIэ Нарт. - Ауэ Iуэхур зэдэщIэр жыжьэуи гъунэгъууи аракъым. «НАРТ» фIэщыгъэщIэр зэрызэхэт хьэрфхэр зырызу къапщтэрэ, инджылызыбзэкIэ «National Adyga Radio and Television» псалъэхэр къыхокI, «Адыгэ Лъэпкъ Радиомрэ Телевиденэмрэ» жиIэу къикIыу. Аращ ди гупым кызэдгъэпэща телеканалым и фIэщыгъэцIэм и лъабжьэр.

«Абы Тхьэм тхухихауэ нэрымылъагъу гуэри хэльу къыщIэкIынщ, адыгэхэр къызытехъукIа пасэрей лъэпкъыжьым и цIэр нобэ дыкъызэрыщIэрэщIэжым нэщэнэ щыхъуэхъуакIэ», - жызоIэ сигукIэ икIи Нарт соупщI телевиденэр гъэпсыным пыщIа Iуэхуэхэр къаэрехьуIа щIыкIэм, абы папщIэ зыхэта гугъуехьхэм, апхуэдэ Iуэху зэфIагъэкIыну ягу къызэрыкIам, абы я гупсысэр зэрыхуэкIуам и гугъу сымыщIу. Ар си упщIэхэм щIыхэзэгъэпэщ гурыIуэгъуэщ, сыту жыIэмэ, адыгэ псомэ зэхуэдэу ялъэIэс телевиденэ щыIэн зэрыхуейм теухуа гупсысэхэр къызэрыунэхурэ, лъэпкъым и жылагъуэ лэжьакIуэхэр абы зэрытепсэльыхьрэ куэд щIащ. Ауэ Iуэхур псалъэм кыфIэзыхьу нэрылъагъу зыщIар зи гугъу тщIы щIалэ гуэрщ, абы-хэм я фIыщIэри хэбгъэкIуадэ хъунукъым.

- «НАРТ» ТВ-р къызэрыунэхуам дэтхэнэ зы адыгэми и гуащIи и фIыщIи хэльщ, - жеIэ Нэгъуэй Нарт. - Ар къыбжеIэ и фIэщыгъэщIэмэ. Сэ къуэд щIауэ сыууейт адыгэхэм зы телевиденэ диIэну, журналист Iэнатlэр езыхьэкI адыгэхэм я лэжьыгъэр дэнэкIи щалъагъуу, адыгэ щэнхабзэм, бзэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум, гъуэзджэм, макъамэм, нэгъуэщI унэгъыныгъэхэм зэфIэкI хъарзынэхэр щызиIэу дэ тщыщхэр ди лъэпкъэгъу псоми апхуэдэ щыкIэкIэ къедгъэцIыхуну.

Апхуэдэ мурадым иришэжьа щIалэр нэхъапэ зыIууа Iуэху кьиныр-мылъку къэугъуеным ехат. Спутник каналыр бэджэнду къэпщтэныр егъэлеяуэ лъапIэу къыщIэкIат. Пэжщ, спутникыр къызэрагъэсэбэным щхьэкIэ япэ лъэхъэнэхэм ахъшэ Iахакъым, ауэ апхуэдэу зэпымыууэ екIуэкIынт? Зыхуэжьа Iуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр щыжраIэм, ар мылъку зэхэдзэкIэ дыгъыщ Иорданымрэ Сириемрэ щыпсэу адыгэ хьэрычэтыщIэ дъэрыхь зыбжанэм. ИкIи «НАРТ» ТВ-м и япэ нэтынхэр эфирым къыхьыхащ 2007 гъэм и щыщхьэIу-фокIадэ мазэхэм.

- Абы щыгъуэ дэ къытхузгъэлъагъуэр мащIэт, - жеIэ адэкIэ Нэгъуейм. - КъафэкIэ, узэрадкIэ, пшынальэхэмкIэ, цIыху щхьэхуэхэм драгъэкIуэкI псалъэмакъкIэщIхэмкIэ зэхэувауэ зы сихьэт иримыкъу нэтынхэр жэщми махуэми къытедгъэззэжурэ къэдгъэльагъуэрт. ОператорхэмкIэ, сурэттехъхэмкIэ, техникэр зыгъэзэжьэнухэмкIэ тэмэму дыкъызэгъэпэщатэкъыми, ди Iуэхур абы хуабжьу «игъэщIакъуэрт». Абы и хэкIыпIэр къэдгъуэтащ, Iэмэпсымэхэм ирилажьэу, нэтынхэр ягъэхьэзырыфу, псалъэмакъхэр ирагъэкIуэкIыфу ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ загъэсащ.

Иджыпсту «НАРТ» ТВ-р хьэршым итынымкIэ, и нэтынхэр Кавказ Ищхьэрэми КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ къэралхэми ялъэIэсынымкIэ дызыдэлажьэр. «Нурсет» спутник ильэс щыкIуэ. Абы и уахьа адыгэхэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпс спутник телевиденэ игъэпсащ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, а Iуэхум хуэунэтIа лъэбакъуэшхуэ ичащ. Телевиденэ гъэпсныр Iуэху щIыкIукъым, я нэтынхэр зы къалэм фIэкIа къыщымыгъэльагъуэу зэгъеублэн къудеиным Iэджэ епхащ. АтIэ, дауэ умыгъэщIэгъуэнрэ хьэрышм ит спутникым пыщIауэ, къэрал зыбжанэ кызэщIиубыдэу къызэрэпэщыныр, абы текIуэдэну ахъшэр (спутник каналыр арендэу эрагъыгъым доллар мелуан зыбжанэ илъэсым хуозэ) кэгъуэутыныр, адыгэбзэкIэ

Амман и зы хьэблэ. Жыжьэу щытыр адыгэхэм ирагъэщIа мэжджытырщ (*«Iэбу-Дэруиш»*).



Бедуин (*губгъуэрыс*) пщащэхэр.



Махъшэхэр Иорданым щыкуэдщ.

Губгъуэрыс къафэ.

«НАРТ» ТВ-м и лэжьакIуэ гуп.



Пащтыхь Хъусейн бин ТIэлал генерал Хэкужь Хъердин сэлам ирех. *1997 гъэ*

Пащтыхь Абдалла ЕтIуанэр Иордан полицэм и хэщIапIэм къэкIуащ. Абы къеблагъэ жреIэ Хэкужь Хъердин. *2006 гъэ*

зэ нэтынхэр къытхуезыгъэхьахэм. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым. «Адыгэ псалъэ» газетым нобэ къыдита IэмалымкIэ ди лъэпкъэгъу теле- радиожурналистхэм захуэзэгъаззэу ажесIэну сыхуейт къыддалэжьэну дызэригуапэр. Псом нэхърэ нэхъыфIыр корпунктхэр къызэгъэпэщынращи, дыщыгугъынщ ари мыгувэу къыдэхъулIэну. Дыхуейт Хэкумрэ хэкурыгъэхэмрэ ятеухуа хьыбар нэхъыбэ диIэну, адэжь лъэхэм и щIыпIэ дахэхэр, и щIыхухэр къызэрыщ, адыгэбзэкIэ «къыдэпсалъэ» нэтынхэр къдгъэлъэгъуэну, апхуэдэ IэмалхэмкIэ нэхъ быдэу дызэрыубыдыжыну...

Нэгъуей Нарт игу хэщIу къыджиIащ мылъку зэрахуримыкъым къызэкIыну телестудиер зыщIэт пэшхэри (ахэр бэдзэнду яIыгъщ) къадэлажьэхэри иджыкIэ ягъэмэщIэн хуей зэрыхъур, нэгъуэщI гугъуехьхэми зэрыхэтыр, ауэ абы къыдэкIуэуи къыхегъащ, апхуэдэ лъэпощхьэпохэм емылъытауэ, «Адыгэ дунейпсо телерадиоэзпыщIэныгъэм» и лъэр быдэу увыжыкIэ и гугъэхэр зэрымыкIуэдыр, лъэпкъым къыхэкIауэ мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэм я мызакъуэу, къэрал къулыкъу зезыхьэу Хэкум щыIэхэми ди лъэпкъэгъу - къызэрыгуэкIхэми «НАРТ» ТВ-р хамыгъэкIуэдэжьну зэращыгугъыр.

- «НАРТ» ТВ-м зэрихуэр щэнхабзэ Iуэхущ, зы бзэрэ зы хабзэрэ иIэу дунейм текIуахьа лъэпкъыр хьэршым ит нэрымылъагъу къуэпсхэмкIэ зэрызэпищIэжьынырщ, щIырэ псыкIэ дызэпэщIэхами, гурэ псэкIэ дызэкIэрыпщIэжьынырщ дызыхуэлажьэр, - жеIэ Нарт дыкъыщригъэжьэжьам, сэлам къыдихьжурэ.

Ди лъэпкъэгъуэхэр зэрыгушхуэ

ИОРДАНЫМ и къэралыдзэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэмрэ ильэс 37-кIэ хуэлажьа генерал Хэкужь Хъердин ящыщщ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэрыгушхуэ адыгэлIхэм. Дзэм къыхэкIыжа нэужьи, ар Iуэхуншэ хьуакъым, къэрал унафэ зыIэщIэлъхэм ираджэжри сенатору щытащ, Иорданым и парламентым хэтащ, Амман щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс зыбжанэкIэ щытащ. Хэкум кынкIа журналист гуп Амман дыкIуауэ дызэрыщыIэм и хъыбар зэхихати, зи ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэха лIы угъурыфэм я унэ дригъэблэгъащ икIи фIэхъус гуапэкIэ къытIущIащ.

- Мы щIыпIэм щыпсэу адыгэ псоми я цIэкIэ, си щхьэми си унагъуэми къаблагъэдэкIыу хэкурыс псоми си сэлам хуабэ язох, - жиIэу, куэд щIауэ зыпэплъа, зыхуэзэша и Iыхьлы хуэзэжа хуэдэу псалъэ гуапэкIэ къытпежьащ Хъердин.

И гущIэ, и Iуэху къызэрекIуэкIам дыщыщIэуплъэм, Хэкужь Хъердин (телекамерэхэми интервьюхэми эресэжар белджылыуэ) псынщIэу икIи дызэрыхуейуэ псалъэмакъыр иукъуэдиящ.

- Сэ Иорданым и къэралыдзэмрэ ильэс 33-кIэ сыкъэтащ, хабзэхъумэ Iэнатlэм ильэсиплIкIэ кулыкъу щесхьэкIащ, генерал сыхъуауэ дзэм сыкъыхэкIыжащ. А ильэс 37-м сыт Iуэхуу зэфIэпхар жыпIэмэ, кхъухьлъатэм къелъэхэр (парашютистхэр) згъасэу зыкъомрэ сыдэжащ, дзэм Iэнатlэу иIэм мащIэ-куэдми си гуащIэ хэслъхьащ, сэри адыгэ щIалэу ди гъусэхэри дыкъызыхэкIа лъэпкъым и гугъу дахэкIэ зэредгъэщIыным дыхущIэкъуу Iуэхум дыпэрытащ, дызэгурыIуэу, хьэтыр зэхуэтщIу, дызыхэтхэми лъытэныгъэ зыхуэдгъэщIу дыкъэгъуэгурыкIуащ. Илъэс бжыгъэу дзэм сызэрыхэтам я нэхъыбэу кхъухьлъатэ командэм и Iуэхуэр зезгъакIуэу, абыхэм я унафэр си Iэмыщ1э илъу щытащ. Нэхъ иужькIэ пащтыхь Хъусейн, Тхьэм ахърэт дахэ кърит, и зауэлI хъумакIуэхэм саритхьэмадэу, и Iуэху зезыхьэхэм сагунафэщIу илъэс зауалкIэ сылэжьащ. Полицэ Iэнатlэм сыкъызэкIыжа нэужь, ди иджырей пащтыхь Абдаллэ II сриджэри, сенатору къэралым и парламентым сыхигъэхьащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Налшык - Истамбыл - Амман.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Щэнхабзэ

Уэрэдыр зи Іэпэгъу

Куэт Къанщобий

Пасэ дыдэу уэрэд жыІэным гу хуэзыщІа щІалэ цІыкІур иджыри епЛанэ классым щеджэ къудейуэ арат Дзэлыкъуэкъуажэ курыт школым и художественэ самодеятельностым уэрэджэлІакІуэ пашэу (солисту) щыхагъхъам. Куэт Къанщобий республикэм уэрэд жьІэныжьмкІэ щекІуэкІ зэпеуэхэм мызэ-мытІуэ щытекІуащ, щІыхь тхылъ куэди кьыхуагъэфэщащ.

ЕДЖАПІЭР фы дыдэ у къиуха нэужь, Куэтым быдэуэ у рад ищІащ консерваторэм щІэтІысхьэну, арщхьэкІэ Іэхушхуэракъэ, иотэ ищІэртэкъым. И кэуэ нэ хъыжьым и гъусэу ар къэкІуащ Налшык дэт культпросвет училищэм. Абы и унафэщІ ХЬсанэ Мусэ къажриащ: «Экзаменхэр къеІыхьи духэащ, ауэ мыбы нэс фыкъышцыкІуакІэ деплъынщ щІалэм хуэзфІэкІынур зыхуэдизым». Мусэ пианинэм бгъэдэтІысхьэри Къанщобий уэрэд жригъэІащ. ХьэсанэМ кьыгурыІуащ кьэкІуа щІалэм уэрэджьІакІуэ Іэзэ кьыззэрыхэкІынур икІи училищэм уэрэдыкиІэ и къудаэм щІигъэтІысхьащ.

Куэтыр а училищэм фы дыдэу щеджащ. Москва Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ институтым нэхъ зэфІэкІ зиІэ студент гъэкІуэн хуейуэ унафэ щащІым, ятІэ зи цІэ кьрагъэ Куэт Къанщобийщ.

Къанщобий уэрэд жьІэныжьмкІэ иІэ ехьулІэныгъэр къалъытэри, зэнщІэу 3-нэ курсым щІагъэтІысхьащ. Иужьк1э 1962 гъэм ар институтым щІашри дзэм кьулыкъу щищІащ, итІанэ еджэныр кьиухри, 1971 гъэм и хэкум кьиригъэзэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музык э театрым Куэтыр абы лъандэрэ щолажьэ.

И ехьулІэныгъэфІэхэм папщІэ 2002 гъэм абы кьыфІащащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист цІэ лъапІэр. А гъэ дыдэм Куэтыр, СКГИИ-м щригъэджэну ирагъэблэгъащ. Абы иригъэджа куэд зэман кІэщІым кьэриубыдэу щэрыІуэ хьуахэщ, Псалъэм папщІэ, Кьардэн Радик театрым артисту щолажьэ, Дзыгуфанэ ФатІимэ Хьрысей псом уэрэд жьІэнкІэ щекІуэкІа зэпеуэм и лауреат ящІэу.

Къанщобий и щхьэгъусэ Светланэ Музыкэ театрым щолажьэ. «Сэ сынасыпыфІэу зызолытэж, - жеІэ Куэтым. - Махуэм лэжьапІэм дауэ гугъу сыщъхьами, пщыщыцІыхьэжкІэ къыспежажьэ си пхъурылъху цІыкІуэхэм гугъуехь псори сщагъэгъупщэж».

ЯЖЭГУАУЭ Берд.

«Свадьба в Малиновке» опереттэм щоджэну Аэзэмэт Натальерэ Куэт Къанщобийрэ.

БЕЗРОКЪУЭ Арсен:

Дзэр узыншэмэ, шхалъэми зегъэпсэху

*«Ныбжьэгъу лъапІэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьыІуэм цІедзэ», - псалъэхэмкІэ къриІуащ къедгъэІуэхэр и макъ дахэмкІэ къыдихьэхыу иІэхэ куэдкІэ радиом дэтхэр нэхъыщІхьэу щыІащ УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Безрокъуэ Хужь. Нэхъыжьхэм нобэми гуапэу ягу къагъэкІыж Хужьрэ и щхьэгъусэ Уэсмэнрэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, пасэу дунейм ехыжащ, ауэ абыхэм я лъэужь дахэм къыпащэ я щІэблэм. Адэ-анэм я фэеплъ нэхур яхъуэмэу, абыхэм ихуэфащэу я Іыхьэ иригъэкІрэ зыхэт гупэм я деж пщІэрэ щІыхьрэ щаІэу мэпсэу зэщхьэгъусэхэм я бынхэу Ленэрэ Арсенрэ. Бын пажэ Ленэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Арсен республикэ стоматологие центрым и дзэ дохутыр нэхъыфІхэм ящыщщ. Щытхъу иІэу, къыдалажьэхэри зэІэзэхэри къыхуэарэзыуэ зи Іэнатіэр езыхьэкІ дохутырыр ди псэлъэгъуащ.

- Арсен, уи Іэщ1агъэм иджэс 30-м щІигъэуауэ уролажьэ. Дауэ къыхэпха хъуат ар?

- Дауи, дэтхэнэ зыми Іэщ1агъэ хуэхъунур кьыщІихкІэ абы щхьэусыгъуэ гъуэ гуэр лъабжьэ хуóхъу. Хэти и адэ-анэм доплъей, хэти тхылъ зэджахэм хэт лІыхъужьхэм хуэдэ хъуну хуейщ, хэти я благъэ-Іыхьлыхэр, цІыху цІэрыІуэхэр щапхъэ хъуэху. Сэ, псалъэм папщІэ, Налшык къалэм дэт курыт школ №2-м сыщІэсу дохутыр Іэщ1агъэм сыдихьэхэуэ щытащ. Пэжщ, абы мыращ щхьэусыгъуэ хуэхъуэр жысІэу щыт: ятІэ зыкъыщІэлъ сыкъулыкъуэр есхьэкІащ. Унэм къэзгъэзэжу сэлэт фащэр щысхьжа нэужь, щІэныгъэм щыхэзгъэхъуащ Ставрополь къалэм дэт медицинэ институтым. А зэманыр куэдрэ гуапэу сигу къокІыж. Абы щыгъуэщ, хъапщтэмэ, си Іэщ1агъэмкІэ схьы жэуапльныгъэр нэхъ кууэ щызыхэсщІар. А лъэхъэнэм сызыгъэльэІа цІыху гуапІафІэхэм гъащІэм къыщыхъу Іуэхугъуэ куэдым сыхуэущиящ. Сезыгъэджахэми абы ныбжьэгъу щызыхэхуэхэми иджыри пыщІэныгъэхэр яхузиІэу, дызэдІэлъыкІуэу дыкъокІуэкІ.

- Арсен, фи Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр дауэ екІуэкІрэ?

- Иужьрей зэманым, псоми зэращІэщи, республикэм и кьалэн, районхэм кьэрал Іуэхущ1апІэу мыхъуу, цІыху щхьэхуэхэм ейуэ стоматологие поликлиникэхэр куэду къыщІмунэхуащ, ауэ итІани ди деж къеІуалІэ цІыхухэм я бжьгъэр нэхъ мащІэ хъуауэ сухъжьІэнукъым. Стоматолог, ортопед Іэщ1агъэхэр яІэу республикэ поликлиникэм цІыху 33-рэ дыщолажьэ. Мыбы кьоІуалІэ цІыху куэд - сабий цІыкІухэри зи ныбжь хэкІуэтатхэри. Сымаджэхэм къащыхэкІ щыІэщ хъэлат хужь зыщыгъ дохутырхэр, Іэмэпсымэ дызэрылажьэхэр зэралъгъуу, шынэу щІэзыгъэзыкІыжхэри. Абы къыхэкІыу, псоми бгъэдыхьэкІэ зырыз кьахуэбгъуэтыфынт хуейщ, узым игъэщхьэжагъуэ цІыхум адэкІэ къыпэщылъыр кьыгурыщІэнэуэщ, итІанэ абы нэхъ тыншу уеІэзэфынщ. «Зи дзэ зэмыузам уз игъэунэхуакьым», - жаІэ. АтІэ а узыр зыщхьэщыпха цІыхур гуфІэжу къыщопсалъэкІэ, фІыщІэ къыщыхуэщІкІэ уи щхьэр лъагэу уагъэлъагъуж, уи Іэщ1агъэми и пщІэр къеІэт. АтІэ ар сыт и уасэ?! Ди жагъуэ зэрыхъэщи, цІыхухэм я дзэр къыщІеузкІэ тегушхуэу занщІэу дохутырым зыхуаразэрыкъым, атІэ хущхъуэ ефэурэ зыщхьэщхуэ. Дзэм сэкъат гуэр иІэу гу лъыптамэ, нэхъ псынщІэу дохутырым зыхуэбгъазэмэ нэхъыфІщ. Ар узынщхуэ, шхалъэми зегъэпсэху. Шхыныр тэмэму пхуэмыгъэныщІкІужмэ, абы узыфэ куэд къыдохьеІ. ЗэрыжаІэу, бадзэ къодзэкъуэ къыщымыхъуну, ямыгъэузу дзэхэм йоІэзэ иджыпсту. Апхуэдэ Іэмалхэр кьыдат медицинэм итъуэта зыужьынигъэмрэ оборудованэщІэхэмрэ. Республикэ унафэщІхэмрэ хэрычэтыщІэхэмрэ я фІыгъэкІэ ди Іуэхущ1апІэр зыхуеину ятхуэдэ ІэмэпсымэхэмкІэ фІы дыдэу кьызэгъэпэщащ.

- Тыншкъым, дауи, узым игъэщхьажагъуэ цІыхум и арэзыныгъэ къэблагъэкІыр. Іуэхум утезыгъэгушхуэу, гукъыдажрэ дарэжгъэгушхуэу, кьозыгъу уи щІыбагъ кьыдат уи унагъуэр дыбгъэцІыхуамэ, ди гуапэт, Арсен.

- Си щхьэгъусэ Нурет дизайнымкІэ колледжым нэмыцІэбзэр щретъэдж. Ди щІалэр Жамбот КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къихуащ, ординатурэм щоджэ, си гъусэу мэлажьэ, ар си лъагъуэм зэрырикІуэжам срогушхуэр. Си Іэщ1агъэмкІэ зыгуэр зэзгъэзэхуэлІамэ, ар зи фІыщІэр, псом япэу, сытым дежи зи дэІэпыкъуныгъэ згъуэт, чэнджэщагъэу схуэхъу си лэжьегъуэхэрщ, фІыщІэ яхуэфащэщ ди лэжьапІэм и унафащІ Дудар Борис, ортопедэгъу Урысмамбэт Балид, Къыш Заур, Махуэлі Аслъэн, УнащІэ Руслан сымэ. Мурад гуэрхэр, гугъапІэ нэхуэхэр зимыІэ цІыху щыІэу кьыщІэкІынкъым. Сэри, шэч хэмылъу, абыхэм сащыщыщ. Си хъуэпсапІэщ ди щІалэм унагъуэ игъуэту, абы кьыщІэхъуэ щІэблэ насыпыфІэм «дада» кьызжаІэу сахэтыну.

Епсэльаф

СОКЪУР Жамболэтщ.

● Фэеплъ

Зэманыр дыркъуэхэм йоІэзэ

«Цыхум и гъащІэр зэзыщІэр зыми ищІэркьым», - жаІэ. Псэ зыІуту дунейм кьытехьэ псоми уузыгъэ яІэщи, и зэманыр късаІэ, абы пэльэщын щыІэкъым. Ар гъащІэм и хабзэщ...

АБЫ фІЭКІЫПІЭзэримыІэр щІэми, дэтхэнэм дежкІи хьэпсэщ и благъэ, и Іыхьлы, и цІыхугъэ фІэжкІуэдыныр. Арэзы техьэзгъуейщ абы зэи мы дунеишхуэм уэзрыщимыхьлэжьынум, и макъ зэрыщІэзэхыумыхьжыну м. Апхуэдэу щытми, зэманыр йоІэзэ гъащІэм кьыптридзэ дыркъуэхэм, Тхьэшхэу зэми узыпэмыльэщын кьыптрилъхьэркъым. ЦІыхум кьыхуэнэжращи, дунейм ехьажам и фэеплъыр и гум, и псэм щопсэу, и гукъэкІыжхэм я хэщІ.

Апхуэдэу цІыху гумащІэу, псэ хьэлэлу кьэзыщІыхуэхэм ягу кьинащ си анэшхуэ Шагъыр КІуэ. Абы и гъащІэм гуэзвэгъуэри гуфІэгъуэри щІэзэхэухуэнауэ щытащ. Сыгу хуэдэ гугъуехь нанэ Іууами, и пщІэмрэ и щІыхьымрэ иІыгъыж у, къэзыухъуреихьэм, и щІэблэм сытКІи я щапхъэу кьыхэкІащ. Нанэ игури и псэри унагъуэм етауэ, и бынхэр зыхуей зэрыхуигъэзэнымэ и гъащІэр хуэунэтІауэ псэуащ. Анэшхуэм и фІыгъэ дымыгъэульпйуэ, ар кьызэрытщыгугъауэ дыкьызэрыщІэкІынымэ дыхущІэкІынуэ допсэу абы и щІэблэр. Абы кьыгъэпльхьа гъэсэныгъэр ди гъуаэзщ псоми.

Нэщхьей дыдэщ уафэ вагъуэр,
Бжьыхьэ уэшхыу ар мэгъу эг.
ШІнуфауэ и нэр пщагъуэм
Гуауэм и щхьэр ирешэ х.

Уе ущІамэ кьащыщІамкІэ,
Жэуап зыш
кьуимытыфын.
«ГъащІэр дауэ зэхуну адкІэ,
КьыттехуакІэщ и удын?

Тихьижащ Алыхьым нанэ,
Тихьижащ цІыхубз
псэ Іэфі.
ХуэзфІэкІ къэзымыгъанэу,
Сытым дежи сэбэн хуэф.

Кьабэзэльабэзт, цІыху
губзыгъэт,
И гур щабэ т, жиІэр пэжт.
Мамырыгъэм папщІэ
хьуахьу эт,
цІыхуэхэр уэзышхэну
фІэфІт.

Зэпычащ ди гъащІэ дахэр,
Ехьжащ дунейм цІыхуфІ.
Ауэ псори дрипагэу
Дигу иІынщ ар
дыпсэхуэу».

БЭРЭЭЧ Асльэндзэрий.

● Щэнхабзэ

Уэрэдыр зи Іэпэгъу

Куэт Къанщобий

ФатІимэ Хьрысей псом уэрэд жьІэнкІэ щекІуэкІа зэпеуэм и лауреат ящІэу.

Къанщобий и щхьэгъусэ Светланэ Музыкэ театрым щолажьэ. «Сэ сынасыпыфІэу зызолытэж, - жеІэ Куэтым. - Махуэм лэжьапІэм дауэ гугъу сыщъхьами, пщыщыцІыхьэжкІэ къыспежажьэ си пхъурылъху цІыкІуэхэм гугъуехь псори сщагъэгъупщэж».

ЯЖЭГУАУЭ Берд.

«Свадьба в Малиновке» опереттэм щоджэну Аэзэмэт Натальерэ Куэт Къанщобийрэ.

● Ди псэлъэгъуэр

- Ильэсищыр пІалъэ цІыкІуэкъым, узыуэсджа Іэщ1агъэм и щахуэр щыгъуэщІажьыныкІэ, абы щыгъуэми лэжьыгъэм и пІалъэм ущымыгъуэзауэ.

- Ар пэжщ, ауэ мыбдежми си Іуэхур фІы дыдэу ящІэлъэІуэ. Зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщауэ пэш щхьэхуэ ящІзатри, сэлэтхэм я узыншагъэм сыкІэлъэпльэу си къулыкъуэр есхьэкІащ. Унэм къэзгъэзэжу сэлэт фащэр щысхьжа нэужь, щІэныгъэм щыхэзгъэхъуащ. Ставрополь къалэм дэт медицинэ институтым. А зэманыр куэдрэ гуапэу сигу къокІыж. Абы щыгъуэщ, хъапщтэмэ, си Іэщ1агъэмкІэ схьы жэуапльныгъэр нэхъ кууэ щызыхэсщІар. А лъэхъэнэм сызыгъэльэІа цІыху гуапІафІэхэм гъащІэм къыщыхъу Іуэхугъуэ куэдым сыхуэущиящ. Сезыгъэджахэми абы ныбжьэгъу щызыхэхуэхэми иджыри пыщІэныгъэхэр яхузиІэу, дызэдІэлъыкІуэу дыкъокІуэкІ.

- Арсен, фи Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр дауэ екІуэкІрэ?

- Иужьрей зэманым, псоми зэращІэщи, республикэм и кьалэн, районхэм кьэрал Іуэхущ1апІэу мыхъуу, цІыху щхьэхуэхэм ейуэ стоматологие поликлиникэхэр куэду къыщІмунэхуащ, ауэ итІани ди деж къеІуалІэ цІыхухэм я бжьгъэр нэхъ мащІэ хъуауэ сухъжьІэнукъым. Стоматолог, ортопед Іэщ1агъэхэр яІэу республикэ поликлиникэм цІыху 33-рэ дыщолажьэ. Мыбы кьоІуалІэ цІыху куэд - сабий цІыкІухэри зи ныбжь хэкІуэтатхэри. Сымаджэхэм къащыхэкІ щыІэщ хъэлат хужь зыщыгъ дохутырхэр, Іэмэпсымэ дызэрылажьэхэр зэралъгъуу, шынэу щІэзыгъэзыкІыжхэри. Абы къыхэкІыу, псоми бгъэдыхьэкІэ зырыз кьахуэбгъуэтыфынт хуейщ, узым игъэщхьэжагъуэ цІыхум адэкІэ къыпэщылъыр кьыгурыщІэнэуэщ, итІанэ абы нэхъ тыншу уеІэзэфынщ. «Зи дзэ зэмыузам уз игъэунэхуакьым», - жаІэ. АтІэ а узыр зыщхьэщыпха цІыхур гуфІэжу къыщопсалъэкІэ, фІыщІэ къыщыхуэщІкІэ уи щхьэр лъагэу уагъэлъагъуж, уи Іэщ1агъэми и пщІэр къеІэт. АтІэ ар сыт и уасэ?! Ди жагъуэ зэрыхъэщи, цІыхухэм я дзэр къыщІеузкІэ тегушхуэу занщІэу дохутырым зыхуаразэрыкъым, атІэ хущхъуэ ефэурэ зыщхьэщхуэ. Дзэм сэкъат гуэр иІэу гу лъыптамэ, нэхъ псынщІэу дохутырым зыхуэбгъазэмэ нэхъыфІщ. Ар узынщхуэ, шхалъэми зегъэпсэху. Шхыныр тэмэму пхуэмыгъэныщІкІужмэ, абы узыфэ куэд къыдохьеІ. ЗэрыжаІэу, бадзэ къодзэкъуэ къыщымыхъуну, ямыгъэузу дзэхэм йоІэзэ иджыпсту. Апхуэдэ Іэмалхэр кьыдат медицинэм итъуэта зыужьынигъэмрэ оборудованэщІэхэмрэ. Республикэ унафэщІхэмрэ хэрычэтыщІэхэмрэ я фІыгъэкІэ ди Іуэхущ1апІэр зыхуеину ятхуэдэ ІэмэпсымэхэмкІэ фІы дыдэу кьызэгъэпэщащ.

- Тыншкъым, дауи, узым игъэщхьажагъуэ цІыхум и арэзыныгъэ къэблагъэкІыр. Іуэхум утезыгъэгушхуэу, гукъыдажрэ дарэжгъэгушхуэу, кьозыгъу уи щІыбагъ кьыдат уи унагъуэр дыбгъэцІыхуамэ, ди гуапэт, Арсен.

- Си щхьэгъусэ Нурет дизайнымкІэ колледжым нэмыцІэбзэр щретъэдж. Ди щІалэр Жамбот КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къихуащ, ординатурэм щоджэ, си гъусэу мэлажьэ, ар си лъагъуэм зэрырикІуэжам срогушхуэр. Си Іэщ1агъэмкІэ зыгуэр зэзгъэзэхуэлІамэ, ар зи фІыщІэр, псом япэу, сытым дежи зи дэІэпыкъуныгъэ згъуэт, чэнджэщагъэу схуэхъу си лэжьегъуэхэрщ, фІыщІэ яхуэфащэщ ди лэжьапІэм и унафащІ Дудар Борис, ортопедэгъу Урысмамбэт Балид, Къыш Заур, Махуэлі Аслъэн, УнащІэ Руслан сымэ. Мурад гуэрхэр, гугъапІэ нэхуэхэр зимыІэ цІыху щыІэу кьыщІэкІынкъым. Сэри, шэч хэмылъу, абыхэм сащыщыщ. Си хъуэпсапІэщ ди щІалэм унагъуэ игъуэту, абы кьыщІэхъуэ щІэблэ насыпыфІэм «дада» кьызжаІэу сахэтыну.

Епсэльаф

СОКЪУР Жамболэтщ.

Абазэ Ислъам аргуэру токІуэ

Самбэ

Иджыблагъэ Отрадная кьалэм щекІуэкІащ самбэмкІэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы къырихьэлІащ къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм икІа спортсмени 150-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр зэхьэзэхуэм щихъумащ Абазэ Ислъам. Килограмм 90-м нэс зи хьэлъагъэхэм я гупым щригъэкІуэкІа зэІуцІиплІми хуэхаха зэманыр и кІэм нэмысу ар псоми щытекІуащ икІи дыщэ медалыр кьихьащ. Ди лъэпкъэгъуэр игъэхьэзыр Уэщхьэнхэ СулътІанрэ Баширрэ.

Нэхъ иужьыІуэкІэ, жэпуэгъуэм и 7-9-хэм, Абазэр Карелием щыбгнащ. ФСБ-м и генерал Чуйкин В. и фэеплъ 5-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэм зыхэта зэІуцІэхэм ар зэман кІэщІкІэ щытекІуащ икІи дыщэ медалрэ зэІуцІэ нэхъ кІэщІ дыдэ езыгъэкІуэкІам и кубокымрэ кьратащ.

Мы махуэхэм ди лъэпкъэгъуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и гъусэу Аныджьым Дунейпсо чемпионатым зыхуеГъэхьэзащ. Командэ кьыхэхар егъаесэ самбэмрэ хабзэ зимыІэ зэзэгухэмкІэ зыбжанэрэ дунейпсо чемпион хьуа Емельянов Федор.

СамбэмкІэ екъулІэныгъэхэр щІигъэбыдэжащ Уэщхьэн СулътІан и гъэсэн Мудрэн Аслъэн. Къэралым и командэ кьыхэхам хэту абы дунейпсо кубокыр кьэхыным екьэлІа зэхьэзэхуэм зэхэ медалыр кьыщихьащ.


Абазэ Ислъамрэ *(ижьымкІэ щытщ)* тренер Уэщхьэн СулътІанрэ.

Школакіуэхэм я зэхьэзэхуэ

Бокс

Фокладэм и 28-м кьыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 4 пщІондэ Анапэ щекІуэкІащ боксымкІэ школакІуэхэм я европэ зэхьэзэхуэ. Абы щыІэзуащ къэрал 18-м щыщ спортсмен ныбжьыщІэ 220-рэ.

УФ-м и командэ кьыхэхам и гъусэу зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ боксерищ. Дышэ медалхэр кьахьащ КІэрэф Астамыррэ (кг 76-рэ) Забанов Артуррэ (кг 59-рэ), етІуанэ хьуащ килограмм 41-рэ зи хьэпІагъ Чечёнов Щамил.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Щэбэт кІуам Щэджэм картодромым щекІуэкІа «Картстиль» ралли-спринт спорт лІэужьыгъэщІэмкІэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр сыхьэтищкІэ кІэлъыплъащ.

«М-Драйв» клубым и унафэщІ Байсиев Темыржан зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхугъуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр техническэ спорт лІэужьыгъуэхэм щІалэгъуэлэр кьыхэхэныгъэ, автоспортым зегъэужьгъуныгъэ автомобилым дыхьэхэм я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэныгъэрэщІ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэр «В» категорие щофер тхылъ зиІэхэрщ.

Зэпеуэм и гъкиуэу ирагъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэм кьыгъэгурыІуэгъуэмкІэ, жэрдэм зиІэ щІыхь 17-м щыщу 10-мрэ абыхэм я автомашинэхэмрэщ кьагъэув пщалъэм пхыкІар.

АвтоспортымкІэ федерацэм и тхьэмадэ - КъБР-м щыІэ УГИБДД-м и унафэщІ милицыдзм и полковник Кьудей Арсен зэрыжиІамкІэ, зэпеуэр республикэм автоспортыр кьыщыгъэщІэрэщІэжьным, хабзэм кьемыщІэгъуэ гъэузгъэхэм щекІуэкІ автомобиль кьыздзэджэхэр гъэкІуэдыным и щІэдзапІэ махуэщ. «Уи кьаруморэ техникэм и зэфІэкІымрэ щыгъэжьхупхэр абы хуэхэха щІыпІэхэрщ, армыхьэмэ, уи гъащІэм щынагъуэ епту, адрейхэри бгъэпІейтейуэ автомобиль гъуэгуэжьм урикІуэныр кьым», - кьыхигъэщІащ абы.

Зэпеуэм хэт автомашинэхэр я двигателхэм я льэщагъэм ельытауэ «Стандарт», «Спорт» гупитІу яІэущат. Ахэр зэхьэзэхуащ метр 1020-р хэт нэхъ псынщІэу, абы щыгъуэми дагъуэ хуамыщІу къекІуэкІы-гъуитІым зэпачыныжкІэ.

«ВАЗ» автомашинэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ «Стандарт» япэ классым хэтахэм я деж щытекІуащ Мэршэнкъуэл Мурат (Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академие, «KSMOTORSPORT» командэ), налшыкдэс Белашов Анзорэ Гузоев Ислъамрэ (КъБР-м Транспортымкі, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм автомобиль гъэузгъэкмкІ и управленэ).

«Спорт» классми япэ уэрыпІэр Мэршэнкъуэл Мурат кьыщиІащ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и етхуанэ курсым щеджэ Муталиев Серажутин - етІуанэщ, Гузоев Ислъам япэ и саугъэтэр Хуламанов Хьызыр («Ока» автомашинэм исам), «ТекІуэныгъэм зэрыщІэкъуэм папщІэ» саугъэтыр Таужьу Къаитемир («БМВ») хуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэм кІэлъыплъахэм, зэхьэзэрэзэгъуэхэр жьыджэру дзэзыІэгъахэм ящыщщ Нартан дэт еджапІэ-интернатым и гъэсэныгъэ. Апхуэдэ дарэжьгъуэр ныбжьыщІэхэм кьахуэзэригъэпэщащ Къарэ Ратмир зи унафэщІ «Гу кьабзэхэр» жылагъуэ зэгухьанигъэм.

ТКАЧЕНКО Ольгэ.

ПИЛИПЧУК Сергей:

Япэ топыр си къуэм тыгъэ хузощІ

Футбол

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхуэмэныкъуэ Пилипчук Сергей илъэситІ и пэкІэ зыхэкІыжа командэм кьыщІигъэзэжам щыгъуазэ дищІащ, иджы япэу дигъэкІ топыр хэт тыгъэ хуищІынуми кьыджриащ. Апхуэдэуи футболистым кьыхигъэщІащ Урысей Федерацэми Украинэми и командэ кьыхэхахэм зэхуэдэу зэрыдэщІыр.

- Сергей, командэр зыдэджагуну кьыщынэжа хьэрхуэрэгъуэхэр лъэщ зэщІэщ. Абы зыгуэркІэ фигъэпІейтейрэ хьэмэрэ псоми зэхуэдэу зыхуэзгъэхьэзырр.

- ДышІэпІейтеин Іуэхум хэтлъагъэуэркъым, ауэ кьыдгуроІуэ дэтхэнэ зы командэми жэуаплныгъэшхуэ хэлъу зыхуэдгъэхьэзырыни зэрыхуейр. Сыту жыІэмэ, кьыштэщылъ зэІуцІэхэр гугъу защІэщ, щыгъагъэ тІэщІэкІ хьунукьым.

- Турнир таблицэм щыдигъуэнэгъу командэхэм я зэІуцІэхэр зэрырагъэкІуэкІым щыхуэныкъуэри декІуэкІ зэрыкьыхуэнури гурыІуэгъуэщ.

- Пэжщ, абыхэм дащІыхьэпльэхІыни, я очкохэр щІэдгъжьыни щІэщхьэм. Псори зэлъытар дэращ, кьэнэжа зэІуцІэхэм ди къару псори етхьэлІэн хуейуэ аращ. Премьерлигэм дэ дыкъызэрыхэнэнум шэч кьытетхъэркъым, ауэ абыкІэ дигу дгъэфІу дыщыскъым. Тренировкэхэм щоІлъагъу щІалэхэм жэуаплныгъэ хэлъу зэрызагъасэр.

Кьытхуэнжа зэІуцІитхум щыр Налшык щедгъэкІуэкІыныщ. Ди Іуэхуэр тхуегъэфІэкІуэну, ятІонэрэ тхуэгъэгъуфІэну догугъэ.

- Абыхэм щыщІэу «Зенит», «Динамо» командэ лъэщхэр.

- Псори гурыІуэгъуэщ, ауэ анэуздэжьми уздэджагъэу щІэнущ кІи уатекІуэфынущ. Нэхъыщхьэр хуэфащэ бгъэдыхьэкІэрэ уззрытекІуэну ІэмалхэмрэкІэ зэгъэузынымщ.

- «Спартак-Налшыкым» уи Іуэхуэхэр щефІакІуэ пэтми, илъэситІ и пэкІэ командэм уэхэкІри «Химки»-м уІэпэхуащ. Сыт ар кьыхьэхкІар?

- Си Іуэхуэхэр хуейщ. Ди Іуэхуэхэм хуейуэ кьэсслъытэри, абы сыкІуащ. АрщхьэкІэ си Іуэхур «Химки»-м кьыщикІакъым, ауэ ар футболым еІэхкъым.

- Атіами, Налшык къэбгъэзэжащ.

- Япэрауэ, Налшык и тренер нэхъыщхьэр фІыуэ соцІыху. ЕтІуанэрауэ, мыбы щыджэгу щІалэхэм я нэхъыбэр си ныдэсщІ. Абы нэмыщІкІэ, командэр кьыздэджати, сыкъэкІуэжащ. Си соцІэ Кавказыр зищысыр, абы и клубхэр кьыздэримыкІуэтынур. Аращ кьыщІэзгъэзэжар, сыхуейщ налшыкдэсхэм садэІэпыкъуну.

- Топ дэбгъэкІа нэужь адыгэ кьафэм кьыщІэбдзэжу зэрыщытар сигу кьэкІыжащ. Дапішщ абыкІэ ди фІыгъеплъэхэр щыбгъэгуфІэнур?

- Япэу топ зэрыдзэгъэкІыу. Тхьэм жиІэмэ, ар тыгъэ си къуэм хуэсщІынущ.

- Сэ зэрыщІэжьымкІэ, адыгэ кьафэм утезыгъэгушхуэу щытар Шумейкэ Виталийщ. Абы и Іуэхум ущыгъуэзэ? Къэзахъстаным щехъуліэрэ, фызэхуэзэрэ, фызэпсальэрэ?

- Виталий и Іуэхуэхэр хъарынэщ. Си жагъуэ зэрыхъущи, дызэхуэзэну зэман диІэкІым, ауэ телефонкІэ щІэх-щІэхыурэ дызопсалъэ.

- Уи контрактыр хэт иджыпсту зыІэщІылъыр?

- Си контрактыр иджыри зы илъэскІэ «Химки»-м ейнущ. Абы кьыхэкІыуи, чемпионатыр зэрирыкІу а клубым згъэзэжынущ, ауэ адэкІэ Іуэхур зэрыхъунур Тхьэм ещІэ.

Епсэльаф

ХЬэЩЫКЪУЭЙ Олегщ.

● Спорт хъыбархэр

Мэршэнкъуэл Мурат псом нэхъри нэхъ Іэзэщ

Ралли-спринт

Иджыблагъэ Отрадная кьалэм щекІуэкІащ самбэмкІэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы къырихьэлІащ къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм икІа спортсмени 150-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр зэхьэзэхуэм щихъумащ Абазэ Ислъам. Килограмм 90-м нэс зи хьэлъагъэхэм я гупым щригъэкІуэкІа зэІуцІиплІми хуэхаха зэманыр и кІэм нэмысу ар псоми щытекІуащ икІи дыщэ медалыр кьихьащ. Ди лъэпкъэгъуэр игъэхьэзыр Уэщхьэнхэ СулътІанрэ Баширрэ.

Нэхъ иужьыІуэкІэ, жэпуэгъуэм и 7-9-хэм, Абазэр Карелием щыбгнащ. ФСБ-м и генерал Чуйкин В. и фэеплъ 5-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэм зыхэта зэІуцІэхэм ар зэман кІэщІкІэ щытекІуащ икІи дыщэ медалрэ зэІуцІэ нэхъ кІэщІ дыдэ езыгъэкІуэкІам и кубокымрэ кьратащ.

Мы махуэхэм ди лъэпкъэгъуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и гъусэу Аныджьым Дунейпсо чемпионатым зыхуеГъэхьэзащ. Командэ кьыхэхар егъаесэ самбэмрэ хабзэ зимыІэ зэзэгухэмкІэ зыбжанэрэ дунейпсо чемпион хьуа Емельянов Федор.

СамбэмкІэ екъулІэныгъэхэр щІигъэбыдэжащ Уэщхьэн СулътІан и гъэсэн Мудрэн Аслъэн. Къэралым и командэ кьыхэхам хэту абы дунейпсо кубокыр кьэхыным екьэлІа зэхьэзэхуэм щекІуэкІ автомобиль кьыщихьащ.

Абазэ Ислъамрэ *(ижьымкІэ щытщ)* тренер Уэщхьэн СулътІанрэ.

Зыхуейр ящІэ

Дзэлыкъуэ куэйм хьыхъ Къамылыкъуэ кьуажэм щыщ КІэмпІу Іесият СулътІан и пхьар, адыгэзэмрэ литературэмкІэ я къуажэкІуэр, Урысейм и университетым щытекІуащ икІи ЩІыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащи, дохьэухьу!

ФІыуэ тлъагъу ди нысэм уи ехьулІэныгъэхэм адэкІи зауэщІыну, нэхъ щІыхь лъагэм унэсыну, узышагъэр уиІэу, уи дунейр нэхурэ гуауэм упэІэщІэу, уи ящІэр лъагэу, узыхэтым уадеІэу гъащІэ дахэ кьэбгъэнэну. Дэри уи зэфІэкІым дэрэжгъэгъэрэ гуфІэгъуэрэ кьыдиту, тхуэзфІэкІымкІэ уи гум дехуэбылІэу дыщытщи, Тхьэр фІыкІэ кьыпхуэупсэ.

Уи тхьэмадэ КІэмпІу Хьудэрэ уи гуащІэ Хьэбибэрэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

Іуэхум и пэжы